Ассаламу гӀалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№5 (9831) | 21 январь | Щамат | 2017сон

ПРИЛОЖЕНИЕ № 1
к распоряжению АМР «Ботлихский район»от 18.01.2017 г. № 9-р

## РАСПРЕДЕЛЕНИЕ ОБЯЗАННОСТЕЙ

***между заместителями главы администрации и руководителем аппарата администрации МР «Ботлихский район»***

**Первый заместитель главы администрации Магомедов А.И.**

*Координирует и контролирует деятельность структурных подразделений администрации и муниципальных учреждений, дает им поручения по вопросам:*
- разработки и реализации программ, планов и прогнозов социально-экономического развития района, финансово-экономического обеспечения задач, стоящих перед органами самоуправления района;
- бюджетного процесса и межбюджетных отношений, реализации бюджетного законодательства, осуществления контроля за целевым и эффективным расходованием бюджетных средств;
- взаимодействия администрации и ее структур с банковскими и иными коммерческими организациями, налоговыми органами и органами казначейства;
-разработки планов и программ поддержки предпринимателей, торгового обслуживания населения, упорядочения деятельности розничных рынков;
-развития промышленности, производства товаров народного потребления в пределах пол-номочий администрации;
- защиты территории и населения района от чрезвычайных ситуаций природного и техно-генного характера, пожарной безопасности;
- развития физической культуры и спорта, эффективного использования спортивных сооружений;
- организации работы с детьми и молодежью, развития туризма в пределах полномочий района;
- организации деятельности структур администрации и подведомственных учреждений по вопросам дошкольного, общего и дополнительного образования, реализации законодательства об образовании в пределах полномочий муниципального района, в том числе реализации делегированных району государственных полномочий в области образования, опеки и попечительства;
- текущего и капитального ремонта, строительства и архитектуры;
-обеспечения населения, подведомственных учреждений топливом и горюче-смазочными материалами.

**Заместитель главы администрации по общественной безопасности Абдулдибиров А.М.**

*Координирует и контролирует деятельность структурных подразделений администрации и муниципальных учреждений, дает им поручения по вопросам:*
- взаимодействия с правоохранительными органами и войсковыми подразделениями;
- организации охраны общественного порядка, обеспечения безопасности объектов жизне-обеспечения района, обеспечения законности в деятельности организаций района;
- деятельности аппарата Антитеррористической комиссии в МР «Ботлихский район»;
- обеспечения режима секретности в деятельности администрации;
- осуществления мероприятий по мобилизации и мобилизационной подготовке в пределах полномочий муниципального района;
- противодействия коррупции;
- взаимодействия и координации деятельности органов местного самоуправления, религи-озных, общественных и ветеранских организаций, противодействия проявлениям политическо-го и религиозного экстремизма;
- реализации государственных полномочий на государственную регистрацию актов гражданского состояния, комплектования и обеспечения сохранности архивных фондов;
- деятельности муниципальных средств массовой информации и пресс-секретаря главы ад-министрации;
- работы с допризывной молодежью, военно-патриотической работы, реализации государ-ственных полномочий по ведению воинского учета и призыва на военную службу;
- деятельности административной комиссии и комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав;
- культуры и досуга населения, развития традиционного художественного народного твор-чества, организации библиотечного обслуживания, комплектования библиотечных фондов;
- организации и проведения выборов;
- оказания почтовых услуг населению и организациям.

(продолжение на - 2стр)

## Хъвадарухъабазул Союзалде восана

Араб соналъул ахиралда нилъер районалде бачӀана рохалилаб хабар.



Россиялъул Хъвадарухъабазул Союзалъ жидерго мухъилъе восун вуго Болъихъ районалъул ГӀашали росулъа СагӀидов Халид.

Халид СагӀидович нилъеда лъала гьунар бугев хъвадарухъан, жавабияв нухмалъулев, бажари бугев гӀуцӀарухъан ва тӀалабияв мугӀалим хӀисабалда.

Къогоялдасанги цӀикӀкӀарал соназ гьес нухмалъи гьабуна гӀагараб ГӀашали росдал школалъе. Рехсараб школа рикӀкӀуна районалъул бищун лъикӀазул цоябльун. Халид СагӀидов вуго Дагъистан Республикаялъул мустахӀикъав учитель, Россиялъул Журналистазул союзалъул член. Халидица къватӀибе биччана ункъго тӀехь.

РачӀа нужецаги, хириял цӀалдолел, редакцияги гьоркьоб ккун, Халид СагӀидовасда баркизе хӀурматияб цӀарги цӀия-цӀиял шапакъаталги росулаго ирсилазе толел асаралги гӀемерлъагиян гьаризе.

## БАРКУЛА ШАПАКЪАТ!



*«За верность закону» абураб лъабабилеб даражаялъул гӀаламаталъе мустахӀикълъана нилъер районалъул прокурор ЖабрагӀилов Жамал Алхасович.*

*Баркула Жамал Алхасовичасда гьеб тӀадегӀанаб шапакъат, гьарула щулияб сахлъи ва районалда закон цӀуниялъулъ икъбал.*

(начало на 1-стр)

## РАСПРЕДЕЛЕНИЕ ОБЯЗАННОСТЕЙ

***между заместителями главы администрации и руководителем аппарата администрации МР «Ботлихский район»***

**Заместитель главы администрации Заурбеков Д.А.**

*Координирует и контролирует деятельность структурных подразделений администрации и муниципальных учреждений, дает им поручения по вопросам:*

- развития аграрного сектора экономики района, деятельности сельскохозяйственных орга-низаций, продовольственного снабжения района и ветеринарного обслуживания;
- дорожного хозяйства в пределах полномочий администрации;
- здравоохранения, социального развития и санитарно-эпидемиологического благополучия;
- занятости населения и безработицы;
- жилищно-коммунального хозяйства, электро- и газоснабжения;
- улучшения жилищных условий льготных категорий граждан и их учета;
- организации переработки и утилизации промышленных и бытовых отходов;
- управления муниципальным имуществом, землепользования и реализации земельного за-конодательства;
- обеспечения услугами связи, транспортного и бытового обслуживания населения, управ-ления муниципальным транспортом;
- развития лесного хозяйства и охраны лесов, соблюдения лесного законодательства;
- экологии и охраны окружающей среды;
- организации предоставления государственных и муниципальных услуг;
- организации размещения заказов на поставки товаров, выполнение работ, оказание услуг для муниципальных нужд;
- взаимодействия с органами государственной статистики, обеспечения достоверности и оперативности предоставления статистической информации;

**Руководитель аппарата администрации Гамзатов Р.С.**

*Осуществляет общее руководство деятельностью аппарата администрации.*

*Координирует и контролирует деятельность структурных подразделений администрации и муниципальных учреждений, дает им поручения по вопросам:*

- правового обеспечения деятельности администрации, кадрового делопроизводства и пен-сионного обеспечения в пределах полномочий администрации;
- организации делопроизводства в администрации;
- организации приема граждан должностными лицами администрации и контроля за рас-смотрением обращений граждан;
-материального и технического обеспечения деятельности администрации.

**ПРИЛОЖЕНИЕ №2**
**к распоряжению АМР «Ботлихский район»**
**от 18.01.2017 г. № 9-р**

## ПОРЯДОК

**замещения главы МР «Ботлихский район» и заместителей главы администрации по исполнению их должностных обязанностей**

***На период временного отсутствия вопросы, закрепленные за:***

**Патхулаевым М.М.**, *рассматривает* **Магомедов А.И.;**
**Магомедовым А.И.,** *рассматривает* **Абдулдибиров А.М.;**
**Абдулдибировым А.М.,** *рассматривает* **Заурбеков Д.А.;**
**Заурбековым Д.А.,** *рассматривает* **Магомедов А.И**.

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН АДМИНИСТРАЦИЯ МР «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»**

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

***Администрация МР «Ботлихский район» объявляет конкурс на замещение вакантных должностей муниципальной службы:***

1. Главного специалиста отдела безопасности, гражданской обороны и чрезвычайных ситуаций администрации МР «Ботлихский район»;
2. Главного специалиста отдела строительства и архитектуры администрации МР «Ботлихский район»;
3. Ведущего специалиста управления образования администрации МР «Ботлихский район»;

В конкурсе на замещение должности муниципальной службы администрации МР «Ботлихский район» могут принять участие лица, имеющие:

1. гражданство РФ;
2. высшее профессиональное образование по специальности, соответствующей функциям и конкретным задачам, возложенным на работника.

Желающим принять участие в вышеуказанном конкурсе необходимо представить в администрацию МР «Ботлихский район»:

а) личное заявление на имя председателя конкурсной комиссии администрации МР «Ботлихский район»;

б) собственноручно заполненную и подписанную анкету по форме, утвержденной распоряжением Правительства Российской Федерации от 26 мая 2005 г. № 667-р (в ред. распоряжения Правительства Российской Федерации от 16 октября 2007 г. №1428-р), с приложением двух фотографий 3х4, выполненных в цветном изображении без уголка, указанием точного почтового адреса регистрации и фактического проживания, адреса электронной почты;

в) копию паспорта или заменяющего его документа (соответствующий документ предъявляется лично по прибытии на конкурс);

г) документы, подтверждающие необходимое профессиональное образование, квалификацию и стаж работы: копию трудовой книжки (за исключением случаев, когда служебная (трудовая) деятельность осуществляется впервые),заверенную нотариально или кадровой службой по месту работы (службы), или иные документы, подтверждающие трудовую (служебную) деятельность гражданина;

копии документов об образовании и о квалификации, а также по желанию гражданина копии документов, подтверждающих повышение или присвоение квалификации по результатам дополнительного профессионального образования, документов о присвоении ученой степени, ученого звания, заверенные нотариально или кадровой службой по месту работы (службы);

д) документ об отсутствии у гражданина заболевания, препятствующего поступлению на гражданскую службу или ее прохождению (учетная форма № 001-ГС/у);

е) копии документов воинского учета (при наличии);

ж) сведения о своих доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера, а также о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера супруги (супруга) и несовершеннолетних детей (форма справки утверждена Указом Президента Российской Федерации от 23 июня 2014 г. № 460).

Муниципальный служащий, замещающий должность муниципальной службы в администрации МР «Ботлихский район» и изъявивший желание участвовать в конкурсе, подает личное заявление на имя председателя конкурсной комиссии администрации МР «Ботлихский район».

***Документы принимаются в рабочие дни (понедельник – пятница) с 10.00 до 13.00 и с 14.00 до 16.00 по адресу: с. Ботлих Ботлихского района РД, администрация МР «Ботлихский район», организационно-правовой отдел, телефон 2-23-26.***

***Документы для участия в конкурсе принимаются в течение 21 дня со дня опубликования данного объявления.***

***Несвоевременное представление документов, представление их не в полном объеме или с нарушением правил оформления является основанием для отказа гражданину в их приеме.***

***Конкурс будет проводиться в здании администрации МР «Ботлихский район».***

**А. Магомедов**
**Первый заместитель главы администрации**
**А.А. Муталипов**
**2-23-26**

## Уважаемые налогоплательщики!

С 1 января 2017 г. функции по администрированию страховых взносов вновь возложены на налоговые органы. Страховые взносы будут относиться к налоговым платежам, и соответственно к ним будут применяться правила, установленные законодательством о налогах («Налоговый кодекс Российской Федерации (часть первая) от 31.07.1998 N 146-ФЗ, пункт 2 и 2.1 статья 32, ред. от 28.12.2016)

Статьей 4 Закона № 243-ФЗ, определен переходный период, в части взыскания недоимки по страховым взносам, пени и штрафам, образовавшихся на 1 января 2017 г.

А также, страховых взносов, пеней и штрафов, доначисленных органами ПФР и ФСС РФ, по результатам контрольных мероприятий, которые были проведены за расчетные (отчетные) периоды, истекшие до 1.01.2017 г. (п. 2 ст. 4 Закона № 243-ФЗ).

Задолженность по страховым взносам, которая не была признана безнадежной, после 1.01.2017 г. подлежит взысканию уже налоговыми органами. Объект обложения страховыми взносами не изменился, по-прежнему облагаются страховыми взносами выплаты и иные вознаграждения в пользу физических лиц, подлежащих обязательному социальному страхованию.

Законом № 242-ФЗ изменены сроки сдачи «страховой» отчетности. Расчет по страховым взносам следует представить не позднее 30-го числа месяца, следующего за расчетным, отчетным периодом, в налоговый орган по месту нахождения организации и по месту нахождения обособленных подразделений организаций, которые начисляют выплаты и иные вознаграждения, (абзац 1 п. 7 ст. 431 НК РФ в новой редакции).

КБК для всех взносов, контролируемых с 2017 года ФНС, стали новыми. Обращаем ваше внимание, что для взносов за периоды, истекшие до 2017 г. будут одни КБК, а для взносов за периоды, начиная с 2017 г. – другие. То есть, если например взносы за декабрь 2016 г. вы будете перечислять в январе 2017 г., то они уплачиваются на КБК, предназначенные для взносов за периоды, истекшие до 2017 года.

Салман ХIасбулаев

# БЕЧЕДАБ ТАРИХ БУГО НИЛЪЕР РАЙОНАЛЪУЛ

*(Байбихьи 75-82 номералда)*

Рагъ лъугIун гIемер заман гьоркьоб инчIого, Дагъистаналда байбихьана Россиялъул пачаясул хIукуматалъ тIалъи босизе, гьенир жидерго законал рилълъанхъизаризе. Дагъистан область бикьана ункъо рагъулаб отделалде: Северияб, Гьоркьохъеб, Югалъулаб ва ТIасияб Дагъистан. Гьединго, гIуцIана 9 рагъулаб округ: Авар, ГIанди, Гъуниб, Дарги, Гъазигъумек, Хайдакъ-Табасаран, Самур ва Темир-Хан-Шура. Гьезде гьоркьобе унаан 42 наиблъи..Гьел округазе нухмалъи гьабулеб букIана гIурусазул рагъулал начальникзабаз. Гьезие кьун рукIана чIахIиял ихтиярал. Росабазе нухмалъи гьабизе толаан бегавул, къади ва диванбег. Гьел хIалтIизе теялъе тасддикъ гьарулаан округалъул начальникас. Гьел хъулухъазде рихьизарулаан начальникзабазул божи бугел ва Россиялъул законазде дандечIей гьечIел чаг1и.. Халкъалъе бачIинехъего гьел законал рекIее гIолел рукIинчIо, бугониги, росдал тIад тараз гIадамазда гьоркьоб бичIч1икьеялъул хIалтIаби гьариялъ, гIисинккун гIадамал законазул рахънире лъугьунел рукIана…

186I соналъ 20 июлалда гIуцIана ГIанди округ.

Гьелде гьорлъе унаан гьанжесел Болъихъ, ГIумбет, ГIвахьвахъ ва Щумада районал. Гьелъул центр букIана Болъихъ росу.

ГIемерисел росабазул бутIрул - старщинаби (гIурусаз абухъе) рукIана мухьги кьун гIамурал Имам Шамилил рукIарал чIаго хутIарал наибзаби. Гьезда божизабун букIана Россиялъул империялъул герб тIад бахъараб печать.

Печаталда хъван буго: « Шодродинский сельский старшина Андийского округа»,- ян. (**П**ечать цIунун хутIун буго жакъаги**)**.

Россиялъул империялъ цIакъ кIудияб кIвар буссинабуна балъхъадерил ракьалде.

1860-1862 соназда Шурагьиса (Бузнасахун) - Болъихъе гьакил нух бахъана. Гьебго соналда байбихьана Шураса-Гъунибе, Гъуниса- Хундерил тIалъиялдасахун Болъихъе ва ТIандосахун ГIандадерил ралъдахъан Веденибе щвезегIан пачаясул армиялъ гьакил нух бахъизе. Байбихьуда гьеб нухалда цIар букIана почнухилан. Гьеб нух бахъиялъе аслияб хIажаллъи букIана Россиялъул империялъул квершаликь бугеб магIаруллъи мукIур гьабиялъе гьенир солдатал чIеялъе рагъулал щулалъаби крепостал-казармаби разе. Гьелъул кьучIалда щибаб округалъул центрабазда рана чIахIи-чIахIиял хъулби.

Гьеб нилъеца бицен гьабулеб нух бахъиялъулъ бугеб захIмалъи бичIч1инабиялъул мурадалда сардарас пачаясухъе битIарабила заргIанасеб гамачI. Пачаясги нахъе битIун бачIарабила гьеб гамачI цадахъ щуго гъуруш бацIц1адаб гIарцулги лъун. (Щуго гъурщиде гьоб заманалда лъикIаб гIака щолеб букIун буго). Пачаяс гьеб битIиялъул магIна букIанила гамачI бахъиялъе кигIанаб гIарцул харж тIад унеб батаниги, нух бахъун лъугIизабеян абураб.

Гьел нухал рахъулел ва хъулби ралел бакIазда гIемер хIалтIаби гьарулел рукIана магIарулазул росабалъан рачIарал цIулал, къадал устарзабазги ва цогидал чIегIерал хIалтIаби гьарулел нус-нус гIадамазги ва гьезие хIалтIухъ лъикIаб мухьги чIезабун букIана. ХIалтIухъ щолеб гIарцуда цебеса гIемерисез босулеб букIана гьоб заманалда магIарулазе къанагIатаб жолъун букIараб: нахучирахъал, сапун, харицелал, гьакибурдул, дараби, ххам-кIач, тIукъби гьаризе махх, чуязе кьили-къай, магIал, горда лъезе цIер, тункIихер ва гь.ц..

Гьеб нух гьабуралдаса I50 сон ун бугониги, жакъа гьарурал гIадин цIунун хутIун руго гьел нухазе щулалъиялъе рарал, носол бал жаниб унаредухъ, цоцазулъ регъезарурал, рекIкIун къачIарал ганчIазул къадал. ГIоразда тIаса ран руго, ригIун тIурал гIадин магIаз цоцазулъ щула гьарурал, щвелеразул кIамури бан гьарурал кьоял. Гьел ран руго Болъихъ районалъул ракьалда кIиго.

МагIарулал мукIур гьарун хадуб, ай 1862 соналда Дагъистаналда пачаясул хIукуматалъул законал рилълъанхъизаризе байбихьна.

МагIарухъе гьакинухал рахъун лъугIиндал, Россиялъул гучги пачаясул армиялъул къуватги бихьизабизелъун ва тIокIаб киданиги кодоб ярагъгун магIарулал данде рахъунгутIизелъун, гьел соназда Дагъистаналъул ракьалда разе байбихьана зали-залимал щулалъаби –хъулби. Гьедин, Россиялъул армиялъ Кавказалда гIемер бакIазда рана рагъулал щулалъаби( (крепостал).

1862-1869 соназда, балъхъадерил жамагIаталъе расниги бокьичIого, ГIачIабалда гIурул рагIалда бана, щулалъиялъул рахъалъ къуватаб, Преображенскиясул цIар лъураб лъабго хъала. Гьел цоцазда рухьинарун рукIана, гIоралда тIаса швелераз кIамур гьабун, тIад тIох лъураб махул кьоялъги ва кIиябго рахъалда рищцатал къадалги гьарун, гьезда гьоркьоса къватIги тун, къадазда щибаб метраялдаса рехе – эхеде халатал тIеренал, тIункIал кьвагьизе картIалги ругеб, коридоралъ. Гьел ралеб заманалда жамагIаталъ гьеллъие нухмалъи гьабулел командованиялда лъазабун букIана ГIачIабалда бугеб бакI гьавадул (молярия) унти ккеялъе цIакъго хIинкъараб бакI бугилан. Амма армиялъулаз гьелде кIвар буссинабичIо, гьенир хъулби разе бокьичIолъиялъ ургъарал харбал ругилан тана.

Гьеб унти ккун гIемерал солдатал хведал, 1870 соналда гIурусазул аскариял хIажаталлъун ккана цIидаса Болъихъ росдада цебе пачаясул аскариял жанир чIезе залимаб хъала базе. Гьеб баялъе Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса аза-азар гьакица баччана, нилъеца цебехун бицен гьабураб почнухдаса, хIажатаб къайи –матахI.

Ункъо - щуго саналдаса балъхъадерил росдада цебе эхетана гучаб, рагъуе кинабго рахъалдаса кквегIенлъаби ругеб, цIикIкIараб къадаралда щулалъаби къадазда бугеб, «МукIур гьабизе кIолареб» - абун цIар лъураб хъала.

Болъихъ росдада цере ругел хабалазда тIадехун гьол соназда цониги мина-бакI букIинчIолъиялъ гьеб бан букIана чиртаялдаса - райцентраялдаса байбихьун, школалъул, культуралъул рукъалъул, ФСБялъул, военкоматалъул, редакциялъул минаби ругел свери –къоноги жаниб бачун.

**Баяналъе:** Гьоб заманалда, Болъихъ росдада цебе бугеб хъалаялде аскIоре къачIого рукIине, армиялъулаз бакIалъулазда бихьизабураб гIорхъи-мухъ букIун буго. Гьелде гIагарлъизе рекIаразде хъаравулзабаз ахIулеб букIун буго: «За чертой не ходи!» - ян.

ГIурусазул «Черта»- абураб рагIудаса бижун бачIараб гьеб годекIан- бакIалде, райцентралде ва хъала букIараб бакIалъул сери-къоноялде жакъацин балъхъадерица абула «Чирта»- абун.

Имам Шамилилгун данде ккечIого, гIурусазухъе тIуризе ккун вуго хунзахъа XIусенил вас ГIалихан. Гьениб гьес пачаясул армиялда хъулухъ гьабун буго генерал-майорасул чиналде вахинегIан. Инсул нухдаса арал гьесул васал Макъсудги ва Хъайтмазги ГIалихановал рахъана машгьурал чагIи. Макъсуд вукIана генерал-лейтенант, Россиялъул империялда рагъуе гьунар бугев абун жиндир къадру-кьиматалда цIар рехсолев рагъухъанги хъвадарухъанги. Гьес жиндирго ракIалдещвеязул тIехьалда хъвалеб буго, Болъихъ хъала базе байбихьаралдаса,гьенирхIалтIула рукIарал инженерзабазулги рагъулал начальникIазулги цIад байдал гIурдахIан гIадин гIезе лъугьанила Петербугалда Нева гIурул рагIалда лъикIаздаса-лъикIал минаби.

Буго цо гьадинаб биценги.

Болъихъ Преображенскиясул хъулби ран хадуб, гьеб барав инженерасда, Петербургалдеги ахIун, лъазабун буго гьениб хвезабураб харжалдалъун Нева гIоралда тIаса гIарцул кIудияб кьо базе бегьилаанилан. Инженерасда бичIч1ун буго хадубккун жиндие щиб ккезе бугебали ва хIинкъарав гьес, Болъихъеги вачIун, жинцаго бараб кьодаса гIурулъеги кIанцIун, хвел босун буго.

Гьаб заманалда Болъихъ городок балагоги ва нухал рахъулагоги гьенир хIалтIарал инженерзабазги начальник1азги рарал минабазулги, гьез хвезарурал харжазулги хал гьабидал, чан чидай гIумруялдаса ватIалъизе вук1аравин рак1алде ккола.

Буго цогидаб биценги. 1912 соналъ Преображенскиясул хъаладухъ чIун букIана гIурусуазул 270 абилеб полк. Гьенив хъулухъ гьабулев вукIарав гьайбатав цо подпоручикасул рокьи ккун буго Болъихъа ясалъухъ. Ясалъеги вокьун вуго гIурусав. Рокьуца цоцахъе цIарал гьезда кIочон тун буго магIарул гIадат, нич ва намус. Яс гIурусасухъе хъаладухъе ун йикIин гьурилъун боржун буго Болъихъ. Рокъой ине хIинкъарай яс хъаладухъ чIун йикIиналъ рахIат бахъараб гIагарлъиялъ гьей тIад юссин тIалаб гьабулеб букIун буго..

Ясалъе хъаладухъ чIани - нич, тIад юссани - хвел букIин лъалев подпоручикас ва армиялъулаз гьей цIунун йикIун йиго. Амма балъхъал, гIодор сасинчIого, яс нахъе тIалаб гьабулел, хIинкъаби кьолел рукIун руго. МагIарул гIадаталги,гьезулгIамал-хасиятги лъалев ва яс йикIиялдалъун ахиркъадги сунде рачунел бичIч1арав ГIанди округалъул начальник Гвилисян хехаб къагIидаялъ ишалде гьоркьове лъугьуна ва, ротаялъул командирги ахIун, подпоручикасул суал цебе лъола. Лъаларо щаяли, кинабго иш гIемер жема-гьенана.

Рес кьотIараб бакIалде ккана рокьи ккарал. Яс нахъе кьуни гIагарлъиялъ гьей цо параялъ чIвалаан, ясалъул гIагарлъи разилъичIого, подпоручикасул гьей ячине ресги букIинчIо. Пашманлъиялда унеб букIана гьезул заман.

Цо кьоялъ, радалиса подпоручик полкалъул разводалде вачIинчIолъиялъ рах1ат хвезабурав, ротаялъул командир уна гьесда хадуве. Амма рокьи ккарал гьесда ратула, цоцазда аскIорги регун, хун …

Жакъа Болъихъ рагъулаб шагьар баралдаса гIумруялъул чваххи батIияб буго, магIарулаз абухъего, гьениб рокьиги буго, кьалги буго, кьечIониги унел цоцо магIарул ясалги руго…

(Хадусеб букIине буго)

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

учредитель:

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор

*ГI. ГIумаханов*

Отделалъул редакторал

П. Дибирова
А. Агъларов

Мухбирзаби

*З.МухIамадова*
*М. ГIумаханова*

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
А. Назирбекова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
*Ш.Муртазалиев*

*Адрес: 368970*
*Болъихъ росу,*
*Школалъулаб къватI*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*гIаммаб 2-20-37*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багъа-6 гъурущ*

*Газета печаталде къуна*

*Заказ № _____*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ*

*№ 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидал баяназул жаваб кьола гьезул авторас.*


# ГЬАДИНАЗДАСА ЧIУХIИЗЕ БЕГЬУЛА

Дагьал цереГIан къояз чорхол лъикIаб хIал гьечIолъиялъ дир бетIергьанчи Ибрагьимхалил ун вукIана поликлиникаялде жиндирго хал-шал гьабизе.

Гьенив щвараб мехалъ, жиндирго лечащий тохтурги отчетал кьезе ехе ун ятун, гьелъул сестра Заира Набиюлаевалъ цIех-рех гьабун, гьевгун цадахъ щола терапевт Мадина Халидовалъухъе. Гьелъ хал-шал гьабун, гIенеккун, тIокIаб нахъ тIамичIого направлениеги къун витIула больницаялде вегизе.

Гьев кутакалда вохизавуна Заираца жиндир гьабураб адаб-хIурматалъ, Мадинал берцинаб, хIеренаб каламалъ, бербалагьиялъ.

Мадинал ва Заирал гьединаб бербалагьи цохIо Ибрагьимхалиде гуро бугеб, гьесдего гIадин гьез дандчIвай гьабула жидехъего ккарал унтараздe. ГIемерисез бицунеб рагIана дида гьезул яхI-намусалъул, чорхолъ бугеб иманалъул.

Дие бокьун буго гьезие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе, жидерго гьаялъе ритIухъаллъун рукIиналъухъ, унтараздехун бугеб гIаданлъиялъулаб бербалагьиялъухъ

Гьарула гьезие талихI, роххел, халатал соназул талихIаб гIумру.

**П. ЭЛЬДАРОВА.**

# БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

Араб соналъул ахиралда ракIалдаго гьечIого Болъихъ районалъул больницаялъул хирургиялъул отделениялде ккана гIагарал гIадамал: МухIамадгIалиев АхIмад ва ГъазимухIамадова Загьра. Ва гьезие гьениб щвана букIине кколеб махщалилаб кумекги, лъикIаб хъулухъ ва берцинаб бербалагьи. Газеталъул кумекалдаса пайдаги босун бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе больницаялъул бет1ерав тохтур ва хирург Шагьрудинов МухIамадкамилие, хирург ИмангIалиев ХIайбулагьие, Якъубов Ильясие, анестезиолог ГIумардибирова Залмуе, медсестраби ХIамзатова Басиратие, МухIамаева Хадижатие, КIусилаева Асмиятие, ХIамзатова Шарипатие, Камилова Батулие ва гьединго операциялъулаб блокалъул ва Хехаб кумекалъул хъулухъалъул коллективазул тIолалго хIалтIухъабазе.

Чанго соналъ цебежидедаса лъикIаб хъулухъги кумекги щварав пациент хIисабалда, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго Кьохъ больницаялъул бет1ерав тохтур ГIиса ГIисаевичасеги ва гьев гьоркьов ккун больницаялъул тIолабго коллективалъеги. ТIадегIанав Аллагьас районалъул тIолалго медицинаялъул хIалтIухъабазе къуватги сахлъиги, тавпикъги кьеги тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразаризе.

**ГIалисултан ГъазимухIамадов, «Дагестанцы» газеталъул редактор.**

# МУСТАХIИКЪАВ ТРЕНЕР



«Лучший тренер-преподаватель года по единоборствам» дипломалъе мустахIикълъана Кьохъ ДЮСШялъул тренер НурмухIамадов НурмухIамад.

Лъай кьеялъулгун гIелмабазул министерствоялъ Республикаялъул муниципалиял ДЮСШязда гьоркьоб тIобитIараб смотр-конкурсалда гьес ккуна кIиабилеб бакI.

Баркула НурмухIамадида гьеб бергьенлъи, гьарула хадубккунги икъбал.

# ЭРКЕНАБ ГУГАРИЯЛЪУЛ ТУРНИР

Гьаб соналъул 7-8 январалъ Микрорайоналда тIобитIана 2000 ва гьелдаса гIодорегIан соназ гьарурал



лъималазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ районалъул рагьараб чемпионат. Гьеб тадбир гIуцIана ва тIобитIана Болъихъ росдал администрациялъ.

Турниралъул аслияб мурад букIана гIун бачIунеб гIел къваригIел гьечIел, къабихIал пишабаздаса цIуни ва ватIан бокьулеллъун гьел куцай.

Гьеб турниралда гIахьаллъи гьабуна 13 цIайиялъул категориялда 180 речIчIухьанас.

Физкультураялъулгун-спорталъул отделалъул нухмалъулев Темирхан Дибировас ва турниралъул жавабияв Камил Набиевас гьарана гугарухъабазе икъбал.

-Гьадинал турнирал тIоритIи ккола жакъа чара гьечIеблъун. Гьелъ квербакъула районалда эркенаб гугари цебетIеялъе ва, районалъул росабазул гIолилазда



гьоркьоб гьудудлльи щула гьабиялъеги. Ниж божарал руго нужер спортивиял бергьенлъабаз район машгьур гьабизе букIиналда,-ян абуна гьез.

Жидерго цIайиязул категорияздa бергьана: СалихIов МухIамад-22 кг.-ГIалахъ, ГIабдулмажидов ГIабдулмажид-24 кг.-Гъодобери, Камилов ДибирмухIамад-26 кг.-Болъихъ, Сайпудинов МухIамад-29 кг.-Болъихъ, ТIагьиров МухIамад-38 кг.-АнсалтIа, ХIайбулаев Ражаб-42 кг-АнсалтIа, ГIабдулкаримов МухIамад-46 кг.-РахатIа, НурмухIамадов МухIамад-50 кг.-Кьохъ, Халидов Муртазали-54 кг.-Гъодобери, ГIисаев Рамазан-58 кг.-Болъихъ, ГIалиев Шамил-63 кг.-Болъихъ.

Бергьаразе къуна кубокал, медалал, дипломал ва гIарцулал шапакъатал.

# ГIАЛИБЕГ СУЛЕЙМАНОВ



Районалъул администрациялъ, райсобраниялъ, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъ, районалъул социалиял хъулухъазул хIалтIухъабаз ва редакциялъул коллективалъ гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго рагъул ветеран Сулейманов ГIалибегие къадар щвеялда бан гьесул гIагарлъиялда.

ГIалибег Сулейманов гьавуна Гъагъалъ росулъ 1916 соналъ.

ГIалибегил кинабго гIумру букIана гIун бачIунеб гIелалъе бахIарчилъиялъулгун ВатIан бокьиялъул мисаллъун. Гьев мунагьал чураяв камуна гьесул хъизан-агьлуялъе, гIагарлъиялъе гуревги, тIолабго районалъего.

КIудияб ВатIанияб рагъде ГIалибег ана жиндиего бокьун. Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ГIалибег мустахIикълъана II даражаялъул КIудияб ВатIанияб рагъул орденалъе, Жуковасул ва цоги гIемерал медалазе.

Кидаго аваданав, кIалъа-ралъай бокьулев ГIалибегица гьираялда бицунаан жиндирго гIумрудул нухалъул, гьарулаан гIакъилал малъа-хъваял. Аллагьас алжан насиб гьабеги гьесие, нахъа ругезе иманги сабруги кьеги.